Dikk naa ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bëgg a dugg ci Lislaam, mu digal ma ma sàngu ci ndox ak siddéem

Jële nañu ci Xays Ibn Aasim -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Dikk naa ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bëgg a dugg ci Lislaam, mu digal ma ma sàngu ci ndox ak siddéem.

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy]

Xaysu Ibn Aasim dafa ñëw ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bëgg jébbalu, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- digal ko mu sangu ci ndox ak garabu siddéem; ndax ay xobam dees koy jëfandikoo ci setal; ak xet gu teey gi mu am.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65085